

FÒMILÈ SOU NOTIFIKASYON/KONSANTMAN/REFI TRANSFIZYON

DOKIMANTASYON NOTIFIKASYON POU PASYAN DOKTÈ KI FÈ TRANSFIZYON KI GEN POU WÈ AK TRANSFIZYON KONPOZE SAN/PWODUI KI GEN POU WÈ AK SA

DISKISYON: Yo dwe eksplike sa ki ekri la yo ak pasyan an (oubyen reprezantan): (a) endikasyon transfizyon an, (b) avantaj ki posib yo, (c) risk yo (Sa gen ladann sa ki ekri pi ba yo e sa ki nan tab ki pi ba a epi ki risk ki toujou enkoni): Reyakson ak transfizyon; enfeksyon; maladi VIH, epatit C, epatit B, enfeksyon HTLV-I/II; lòt efè nefas ki poko rekonèt; epi posibilité pou yon efè segondè fatal, (d) altènativ yo: don otològ anvan operasyon (sa vle di pasyan an k ap bay tèt li sa), don dirije (sa vle di yon zanmi, yon fanmi pou yon pasyan espesifik), don san, sovtaj san pandan ak aprè operasyon, ajan pou estimile pwodiksyon global wouj si sa nesesè (pa egzanp eritwopoyietin, asid folik, vitamin B12), bagay ki pwovoke ogmantasyon volim (tankou, kristaloid, albimin), ajan emostatik, (e) risk si transfizyon pa fèt (Pami yo, chòk, kriz ak ensifizans kadyak, aksidan vaskilè serebral, respirasyon ki kanpe, emoraji ak lanmò), (f) bezwen ki ka genyen pou miltip transfizyon, (g) akoz desizyon pou transfizyon an se sèlman pasyan an ki pou pran I. Epi, si transfizyon yon pwodui ki pa awouye ta pwopoze, estati "an deyò endikasyon" transfizyon an dwe eksplike ak tout eleman ki sot mansyone la yo, avèk referans espesifik sou pwodui a.

RISK KI GEN NAN TRANSFIZYON SAN PA INITE TRANSFIZE*

Itikè (ti boul ki leve sou po epi ki grata)	1:500	Enfeksyon Epatit B	1:63,000
Lafyèv avèk oubyen san frison	1:1,000-1:10,000	Enfeksyon Epatit C	1:1.6 milyon
Lezyon pilmonè egi	1:5,000>1:100,000	Enfeksyon VIH	1:1.9 milyon
Enkonpatibilité gwoup sangen ABO	1:38,000	Kontaminasyon bakteryèn:	
Emoliz, fatal	1:250,000-1:600,000	Plakèt sangen	1:900-1:2,000
Enfeksyon HTLV	1.651,000	Globil wouj	<1:1,000,000
		Tout lòt yo	<1:1,000,000

Estatistik sa yo pa aplike pou plasma derive yo, pa egzanp albimin. Gade nan anbalaj la pou w konnen efè segondè pou sa yo.
 **Sa ki enkli: Maladi enfektyez tankou malarya, Lafyèv Nil Oksidental la, enfeksyon sitomegaloviris, maladi Chaga; sitiayon kote faktè ki gen pou wè ak pasyan an kritik tankou maladi grefon kont ot (lenfosit ki transfize yo atake tisi moun ki te resevwa yo a) e lòt evènman tankou sichaj volim, ipèkalyemi (potasyòm ki wo), ipotèmi (tanperati kò ki bese), iminodepresyon (rezistans kont enfeksyon ak timè ki bese).

Mwen te diskite tout sa ki anlè a ak pasyan an/reprezantan an. Pasyan an/reprezantan an te jwenn opòtinite pou poze kesyon konsènan transfizyon ki te pwopoze a(yo) e mwen te reponn kesyon sa yo. pasyan an/reprezantan an te di li konprann enfòmasyon yo ba li yo.

Mwen konprann ke m pral gen pou m dokimante diskisyon ki gen pou wè ak nepòt refi pou transfizyon nan nòt evolisyon nan dosye pasyan an, e pandan map ranpli fomilè sa a tou.

KÒMANTÈ: _____

SIYATI MEDSEN TRANSFIZYON AN
(li kapab nepòt doktè kap pran swen pasyan an)

Dat _____

EKRI NON DOKTÈ TRANSFIZYON AN

NIMEWO IDANTITE LOPITAL LA

NÒT: Siyati doktè ki diskite transfizyon an ak pasyan an **obligatwa**. Li dwe mete l anlè liy doktè transfizyon an.

TANPRI VIRE FEY LA
FAS I (devan)



SD002N

FÒMILÈ SOU NOTIFIKASYON/KONSANTMAN/REFI TRANSFIZYON

PATI I. KONSANTMAN: _____

- A. Mwen, _____ (NON PASYAN OUBYEN REPREZANTAN), bay konsantman m pou, non doktè ki ekri pi ba a oubyen sila ki anba lòd li yo, fè transfizyon san ak pwodui san sou _____ (NON PASYAN). Doktè a _____ te eksplike m rezon ak posibilité pou miltip transfizyon ak risk, avantaj ak altènativ. Mwen te jwenn opòtinité pou m te poze kesyon. Mwen pat jwenn okenn garanti sou kalite san an ak pwodui ki derive de san ki bay yo.
- B. Mwen, _____ (PASYAN OUBYEN REPREZANTAN), bay konsantman m pou, non doktè ki ekri pi ba a oubyen sila yo ki anba lòd li yo, fè transfizyon andeyò endikasyon (PWODUI) sou (NON PASYAN). Doktè _____ te eksplike m siyifikasyon "an deyò endikasyon", rezon ak posibilité pou miltip transfizyon ak risk, avantaj ak altènativ. Nan risk yo genyen, men se pa sa sèlman _____

PATI II REFI AK DECHAJ RESPONSABILITE

- A. Mwen, _____ (NON PASYAN OUBYEN REPREZANTAN), refize tout san ak pwodui san pou _____
- B. Mwen, _____ (NON PASYAN OUBYEN REPREZANTAN), aksepte sèlman san ak pwodui san ki tcheké pi ba yo pou _____ (NON PASYAN).

Omològ (Ki Vini de Lòt Moun)	Pwodui ki gen Albimin	Otològ (Soti nan Pasyan an Menm)
<input type="checkbox"/> Don Pakè Selil Wouj ki Dirije	<input type="checkbox"/> Albimin ki Konsantre	<input type="checkbox"/> San Total Estoke
<input type="checkbox"/> San Total Estoke	<input type="checkbox"/> Iminoglobulin	<input type="checkbox"/> Globil Wouj Estoke Anpake
<input type="checkbox"/> Globil Wouj Estoke Anpake	<input type="checkbox"/> Konsantre nan Faktè Koagilasyon	<input type="checkbox"/> Sovtaj Pewoperatwa
<input type="checkbox"/> Globil Blan Estoke	<input type="checkbox"/> Lòt	<input type="checkbox"/> Sovtaj Pòsoperatwa
<input type="checkbox"/> Plakèt Estoke		<input type="checkbox"/> Emodyaliz
<input type="checkbox"/> Plasma ki Estoke		<input type="checkbox"/> Ekipman Kè Poumon
<input type="checkbox"/> Kriyopresipite ki Estoke		<input type="checkbox"/> Emobilisyon

Rezon refi oubyen akseptasyon limitepwodui san yo se _____ (Li opsyonèl pou espesifye I)

- Mwen aksepte (pou mwen menm oubyen pou pasyan an) e mande yon priz an chaj altènativ non sangen san pou akimile oubyen konsève san, pou evite oubyen minimize sèyman, pou ranplase volim sikilatwa ki pèdi oubyen ki rete sèyman.
- Mwen konprann akoz de feblès nan administrasyon san oubyen derive san ka genyen vi ki pèdi oubyen enkapasite pou mwen (oubyen pasyan an) retabli kondisyon medikal mwen(oubyen pasyan an) oubyen risk pou lòt kondisyon tankou, ka gen plis ke sa, kriz ak defayans kadyak, estwòk, souf ki kanpe, lanmò, oubyen sèyman.
- Mwen asime pèsonèlman (Pou mwen menm oubyen pou pasyan an) risk ak konsekans refi sa a epi libere doktè ki tap trete a, asistan I yo, estaf enfimyè yo, Sant Syans Sante Invèsite Eta New York la nan Brooklyn, ak pèsonèl ki responsab efè nefas oubyen rezulta ki pat espere ki kapab rive akoz de feblès nan administrasyon san oubyen derive san, malgre swen konpetan yo. Direktiv sa a ap a rete pou eritye m yo oubyen eritye pasyan an, egzekitè avèk/oubyen ajan asinye.

E

PATI III SIYATI:

Pasyan ki gen pi ba ke 18 lane, ki gen kapasite pou konprann, dwe siyen nan espas ki genyen adwat la, pi ba a, pou konsantman timoun nan. Yon reprezantan, sa vle di paran oubyen gadyen legal ki la pou nenpòt pasyan ki gen pi ba ke 18 lane dwe siyen tou epi endike ki relasyon yo genyen nan espas pou reprezantan an. Yon reprezantan dwe siyen pou nenpòt pasyan ki gen pi plis ke 18 lane ki pa gen kapasite pou konprann.

SIYATI PASYAN

SIYATI PASYAN POU KONSANTMAN TIMOUN

si pati pou konsantman oubyen refi diferan de pasyan:

SIYATI REPREZANTAN AK RELASYON LI AK PASYAN

TEMWEN: Yon anplwaye etablisman an ki pa prensipal founisè swen sante pasyan an oubyen preskriptè terapi sa a pa dwe siyen. (Pèsonèl enfimri ak lòt manm pèsonèl kapab temwen konsantman sa a.)

Mwen te temwen ke pasyan an oubyen lòt moun ki awopriye te siyen fòmilè sa a volontèman:

Non temwen an (An lèt detache)

Siyati

Dat

Pou entèprt/tradiktè a siyen si pasyan an te bezwen yon asistans konsa.

pou sa m konnen, pasyan an te konprann sa ki te entèprete/tradui yo epi li te siyen fòmilè sa a volontèman:

Non Entèprt /Tradiktè (Ekri non)

Siyati

Dat

SD002N

FAS II (dèyè)



SD002N